

You bi small pikin if you neva reach 18 years



A BEG HELP ME! DIS NA YOR RIGHTS

DI PLACE WEY YOU FIT
FIND HELP

A graphic illustration showing four hands of different skin tones (light green, light yellow, orange, and dark orange) reaching upwards from a curved horizon line. The hands are positioned around the central text block.

SOME
BETA ADVICE
AND PEPLE WEY
FIT HELP YOU



European Union sef put money down



YOU GET RIGHT TO TALK YOR MIND

E BETA MAKE YOU SABI

Difrent difrent office go help you find free tins (chop, house to stay, place to baff, doctor, school...) and dem go see say everi bodi respect yor right.


Profeshonals(police, peple wey fit stand like papa or mama, social woker lawya, judges, doctor dem...) bi peple wey you fit trust

if dem arrest you rememba say you get right make dem find you free lawya

If you no sabi di language wey dem dey talk for di countri wey you dey you get right make dem find you pesin wey go talk your own language come explain tins to you

**MAKE
YOU NO FEAR TO
ASK DEM QUESHON
ABOUT TINS WEY YOU
NO SABI OR DI TINS
DEM TALK WEY BI SAY
YOU NO GREE**

NO LET FEAR CATCH YOU



PEPLE AND
ADDRESS OF
PLACE WEY
NEAR YOU, FOR
PEPLE WEY DON
SUFFER BAD TINS
TO LOOK TAKE
FIND HELP NEAR
DEM

0800 22 555 30

<http://odabs.org>



SUPPORT FOR
SMAL PIKIN DEM
WEY DEY INSIDE
COMPUTER

0800 22 555 30


<http://save-me-online.de>



DI NUMBA
PESIN WEY DON
SUFFER FROM
KPOKIRIPO FIT
CALL FOR HELP

0800 22 555 30

<http://hilfeportal-missbrauch.de>



DI NUMBA WEY
WOMAN WEY
DON SUFFER
BEAT FROM MAN
OR ANODA PESIN
HAND FIT CALL
FOR HELP

08000 116 016





NA WETIN POLICE DEM FIT DO FOR YOU?

Police dem dey here to protect pesin wey don suffer from anoda peple hand or pesin wey bi say dem dey force to do tins wey e no wan do.

- Police dem na beta peple o.
- Police dem no go do you bad at all.
- Even if you don do bad bad tins befor dem NO go punish you for am, as na pesin force you to do am, even sef if di tin against law.

FOR POLICE
STASHON ASK FOR DI
POLICE WEY DEM DON TRAIN
ABOUT HOW TO TALK TO SMAL
PIKIN DEM. E GET POLICE DEM
WEY BI SAY DEM WOK NA TO
PROTECT PESIN WEY DON SEE
SUFFER HEAD.

If fear dey catch you for
your life or anoda pesin
life, call

112 (medical emergency)
or 110 (for police)

NA WETIN BI HUMAN TRAFFICKING SEF?

You or yor friends sef fit dey inside dis trafficking tin, wey bi say una no sabi sef.

You don dey inside condision wey make you:

- do kpokiripo or tins wey resemble am?
- do difren wok (like house girl wok, baby nurse, factory wok or wok for place wey dem dey sell chop)?
- beg, teif, or commit bad tins?
- plant, carri, or sell drug?
- comot organ from inside yor bodi come sell am to anoda pesin?
- Pay di moni wey you owe anoda pesin but as moni no dey yor hand you come begin wok for di pesin or do oda tins to pay am back?

You/or yor family get pesin wey dey give una palava?

If you answer « yes » to any of dis qeshon dem, na im bi say you or yor friend dem fit bi pesin wey dem dey traffick.

DIS HUMAN TRAFFICKING NA SERIOUS BAD TIN WEY DEY SPOIL PESIN RIGHT. FIND ONE PROFESHONAL MAKE YOU TALK TO AM IF DIS TIN DEY WORRY YOU FOR MIND, MAKE DEM FOR STOP AM, AND MAKE ODA SMALL PIKIN DEM NO SUFFER AM.

**KOK – GERMAN NGO
OFFICE WEY DEY FIGHT
PEOPLE WEY DEY DO
HUMAN TRAFFICKING**

Phone:

0049 30 / 263 911 76

<http://kok-gegen-menschenhandel.de>
info@kok-buero.de



(na di way dis countri fit protect and cover pesin wey don suffer well well make im for dey safe)



- If na anoda countri you from come, you fit need permishon to stay inside Germany. Na im bi say you must apply make dis countri protect and cover you from yor sufferhead or give you paper to dey live dia patapata. Di pesin wey dey do papa or mama for you or care for you fit help you do di document wey go giv you cover to stay for dis countri, dem dey call am asylum.
- Pesin wey come from Federal Office for Migration and Refugees (BAMF) go ask you difrent qeshon but di pesin wey dey do papa or mama for you or care for you fit follow you go.
- Make you no forget o,even if you neva get paper to stay for dis countri you fit get all di enjoyment from di office wey dey care for smal pikin.

- If you no get papa or mama, dem fit find you pesin to dey help you. Make you no fear di pesin. If you no get pesin to stand for you like mama or papa, talk to di people wey dey care for young people about am.
- Dis pesin wey dey do mama or papa for you go see say dem respect yor rights. Di tins you go get be to go hospital if you no well or you dey tink too much, to go school and to get place to stay. If na anoda countri na im you from come, dis pesin wey dey do papa or mama for you go help you do di paper to get di asylum.
- If you dey suspect dis pesin wey dey do papa or mama for you or you see say e no dey do as e suppos do, make you no waste time, quik quik tell pesin for di office where dem dey care for young people dem. Dem go find you anoda pesin wey go make yor mind come down well well.

DIS NA DI NAMES OF THE OFFICE DEM WEY FIT HELP YOU:

PRO ASYL'S DIS ONES DEY HELP PESIN WEY DEY DO DEM PAPER

Phone:

0049 69 / 242 314

proasyl@proasyl.de

[http://proasyl.de/beratungss-
tellen-vor-ort/](http://proasyl.de/beratungss-tellen-vor-ort/)

FEDERAL ASSOCIATION FOR UNACCOMPANIED MINOR REFUGEES (BUMF)

dis one go give you advis for
phone:

0049 30 / 82 09 743 0

info@b-umf.de

CENTER FOR REFUGEE AND MIGRATION SERVICES (ZFM)

na for advise to smal pikin
refugees:

**0049 30 / 30 39 06
52**

info@migrationsdienste.org





For Germany here, as you be pikin, you get right make dem find you lawya you no go pay kobo even sef if you dey tink too much dem fit find you pesin to help you and you no go pay moni.

- All di tins wey you tell yor lawya na secret e go do am. Make you no waste time tell am yor tori even if you don talk anoda one befor.
- You get right make dem find you pesin wey sabi speak yor language make im help you explan all di tins wey dem tell you wen you go court or wen police dey talk to you. If you suspect di pesin wey dem call make im speak yor language, no wahala, make you tell dem say make dem change dat pesin.

Social wokers dem bi beta peple. Dem wok na to help you. Dem go help you get free tins wey you need (chop, house to stay, doctors, school...)dem go make sure say dem respet yor right. Dem woking place na for centre wey young peple dey stay.



HEALTH AND YOR BODI

You get right make dem find you doctor free.

HOW TO CHEK PESIN AGE

- As you bi pikin you get difrent kind proteshon. Govment go want check yor age to sure say true true you bi smal pikin. Na becos of dis, e good make you talk true about yor age.
- You get right to talk say you no gree if dem chek age come talk say di age wey

**YOU FIT TELL DI
DOCTOR ABOUT ANY
SICKNESS WEY DEY
YOR BODI OR WEY DEY
WORRY YOU**

**KOK
OFFICE NA PEPL WEY
DEY FIGHT PEPL WEY DEY
TRAFFICK PESIN.**

Phone:
0049 30 / 263 911 76

info@kok-buero.de
<http://kok-gegen-menschenhandel.de>

**INFORMASHON FOR PESIN WEY
DON SUFFER ABOUT LAW**

<http://zeugininfo.de>

**DIS OFFICE WEISSER RING DEY
GIVE NAMES AND PHONE NUMBA
OF LAWYAS DEM**

Phone:
0049 6131 / 83 03 0

info@weisser-ring.de
<http://weisser-ring.de>

**BPP
DI OFFICE WEY DEY HELP PESIN
WEY TINKIN PROBLEM DEY
WORRY WHEN DEM DEY INSIDE
COURT**

<http://bpp-bundesverband.de>



**NA HOW DEM
DEY CHECK AGE SEF?**

Cheking pesin ID card /
di birth cetificate /
passport

Pesin go do interview wit profeshonal

Doctor go chek pesin bodi (na man
go chek man, woman go chek
woman)

you tell dem no correct. Make you
ask di pesin wey dey do mama or
papa for you or somebodi wey you
trust make im help you.

➤ As pesin wey run come dis countri
make dem help am, no bi by force
say you must do the test wey dem
go use take know yor age (like x-ray)

IF YOU WANT ADVISE OR HELP





TO GO SCHOOL FOR GERMANY NA FREE


- Na by force make German pikin dem go school.
- Pikin dem wey come from anoda countri sef get right to go school.



Make you ask profeshonal (pesin wey dey care for you like papa or mama) make dem help you find school.E dey impotant make you find yor set, make una dey contact una sef.







Na di European Union peple put money down take make dis book for yor hand. All di tins wey dem write inside na ECPAT France and im people for ReACT project like : ECPAT Belgium, ECPAT Germany, ECPAT Netherlands and ECPAT UK get am, but no bi say na from European Union mouth di tins from comot.

